



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Lekòl Horace O'Bryant

Brian Desilets

1105 Leon St. Key West, FL 33040

Mwen menm, Brian Desilets, nan dokiman sa, mwen sètifye tout enfòmasyon, chif ak reprezantasyon ki fèt nan aplikasyon sa veridik, egzat epi konfòm avèk deklarasyon asirans pou renonsyasyon sa yo. Mete sou sa, tout lwa, règleman ak pwosedi ki aplikab yo; egzijans administratif pou pwogram yo; ansanm ak pwosedi pou kontwòl fiskal epi pou kenbe dosye gen pou yo egzekite yon fason pou garanti bon jan responsabilite nan zafè depans ki fèt nan kad pwojè sa. Tout dosye ki nesèsè pou jistifye egzijans sa yo gen pou yo disponib pou manm pèsònèl apwopriye nan Eta a ak gouvènman federal la egzamine. Mete sou sa, mwen sètifye tout depans yo ap fèt apati dat antre an vigè oswa apre antre an vigè pwojè a epi anvan dat pou pwojè a fini an. Dekèsman yo gen pou yo deklare sèlman nan mezi kote yo apwopriye pou pwojè sa, epi yo p ap itilize pou fon kontrepati pou pwojè sa oswa nenpòt lòt pwojè espesyal, kote sa entèdi.

Asirans:

- Lekòl lan gen pou l dirije sou baz definisyon legal "angajman paran ak fanmi yo", jan sa defini nan Seksyon 8101 ESSA a, epi pwogram, aktivite, ak pwosedi t a dwe mete sou pye an konfòmite ak definisyon sa.
- Lekòl la ap mennen aksyon sansibilizasyon pou tout paran ak manm fanmi yo, epi li ap mete sou pye yon seri pwogram, aktivite, ak pwosedi nan objektif pou enplike paran ak manm fanmi yo nan tout pwogram Tit I, Pati A li yo an konfòmite ak Seksyon 1116 Lwa sou Reyisit Chak Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA). Pwogram, aktivite, ak pwosedi sila yo dwe planifye epi mete sou pye men nan men avèk paran timoun ki ap patisipe yo. [Seksyon 1118(a) ESSA].
- Lekòl la ap travay pou l garanti politik ki obligatwa sou kesyon angajman paran ak fanmi yo nan nivo lekòl la elabore sou baz sou-seksyon (b) a, chak lekòl ki desèvi nan kad pati sa ap devlope yon Angajman Kay-Lekòl ki dekri fason paran yo, tout manm pèsònèl la ak elèv yo gen pou yo pataje responsabilite a konsènan amelyorasyon rezilta eskolè elèv yo ak mwayen lekòl la ak paran yo ap itilize pou konstui ak devlope yon patenarya pou ede timoun yo rive atenn estanda Eta a ki wo. [Seksyon 1116(d) ESSA]
- Gras ak respè egzijans Tit I, Pati A a nan sa ki gen pou wè avèk angajman paran yo ak fanmi yo, lekòl la ap ofri nan mezi sa posib, tout posibilite yon fason pou paran ki pa fin metrize Anglè yo, paran ki gen andikap yo, ak paran timoun ki migran yo kapab patisipe, epitou, li ap bay enfòmasyon ak rapò eskolè ki obligatwa yo nan yon fòm paran yo kapab konprann epi ki nan yon sèl fòm, san wete lòt fòm si yo mande sa, epi nan mezi sa posib, li ap bay yo nan yon lang paran yo kapab konprann. [Seksyon 1116(e) (f) ESSA]
- Lekòl la ap enplike paran ak manm fanmi timoun ki ap resevwa sèvis nan kad pati sa nan desizyon ki gen rapò ak fason yo itilize fon ki rezève yo repati pou aktivite patisipasyon paran yo. [Seksyon 1116(3) ESSA]



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

- Lekòl la ap itilize fon ki rezève nan kad pati sa pou mennen aktivite ak estrateji ki konfòm ak politik angajman paran ak fanmi yo, jan sa dekri nan Seksyon 1116(3) ESSA a.

Deklarasyon konsènan Misyon sou Angajman Paran ak Fanmi yo

Nan ki sans plan angajman paran ak fanmi yo se yon responsabilite ki pataje?

Kijan plan sa kontribye nan bay tout moun ki ap aprann yo yon ansèyman ki gen bon jan kalite?

Pou ofri elèv nou yo yon atmosfè edikasyon ki akse sou kominote a ki alafwa estimilan ak motivan pou garanti siksè. Tout manm estaf yo pral travay ansanm pou modelize epi garanti yon kad edikatif ki solid pou elèv yo grandi ak aprann. N ap kontinye voye epi fòme pwofesè yo sou dènye metodoloji edikatif yo. N ap kontinye kominike avèk paran yo atravè rezo sosyal yo, reyinyon SAC yo, ak bilten enfòmasyon ki voye ale bay fanmi yo.

Enplikasyon Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap enplike paran yo nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo, e sa enkli patisipasyon paran yo, epi nan pwosesis desizyon yo sou fason fon angajman paran yo gen pou yo itilize:

HOB (Horace O'Bryant School, Lekòl Horace O'Bryant) òganize regilyèman reyinyon SAC (School Advisory Council, Konsèy Konsiltatif Eskolè) chak mwa e li fenk ajoute yon Òganizasyon Paran Pwofesè. Nou itilize rezo sosyal, piblikasyon Facebook, ak bilten enfòmasyon adomisil yo pou n enfòme paran yo konsènan reyinyon yo.

Nou òganize aktivite famiyal chak trimès pandan tout ane lekòl la. Nou siveye siksè nou gras ak itilizasyon sondaj bò kote paran yo, lè nou kolekte fèy siyati nan aktivite yo, epi lè nou mande kòmantè nan reyinyon paran yo tankou SAC.

Nou distribye enfòmasyon sa pou tout aktivite nou yo pou n garanti paran nou yo okouran epi patisipe nan pwogramasyon nou an. Enfòmasyon sou materyèl/aktivite Tit I an pibliye sou rezo sosyal ki apwouve yo ak sou paj entènèt lekòl nou an (anba onglè SAC nou an ak seksyon Tit I an).



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Lekòl la ap kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi sa avèk lòt Pwogram Federal yo, nan mezi kote sa posib ak apwopriye, nan objektif pou aprann paran yo kijan pou yo ede timoun yo lakay yo:

	Pwogram	Kowòdinasyon
1	Sware Paran ELL (English Language Learner, K ap Aprann Lang Anglè) yo	Nou ofri plizyè sware paran ELL pandan tout ane a. Nou gen yon bagay ki prevwa chak trimès.
2	Edikasyon pou Timoun Piti ak fanmi VPK yo (Voluntary Prekindergarten, Prematènèl Volontè)	Nou gen yon evènman Rasanbleman pou Lekòl Matènèl nan fen chak ane lekòl pou nou garanti nouvo paran nou yo gen enfòmasyon ki nesèsè pou tranzisyon an nan lekòl nou an.
3	McKinney-Vento/CHIPS	Nou gen yon pwogram CHIPS solid ki egzekite an patenarya ak Tit IX. Lekòl nou an gen de (2) manm pèsònèl CHIPS deziyen ki rankontre ak elèv yo pandan tout ane a pou konekte elèv nou yo ki sanzabri ak opòtinite pou leson patikilye ak/oswa lòt bezwen nou estime yo ka gen bezwen.

Reyinyon Anyèl Paran yo (Sware Tit I)

Lekòl la ap òganize yon reyinyon chak ane nan objektif pou enfòmè paran elèv ki patisipan yo konsènan pwogram Tit I lekòl la, nati pwogram Tit I an (asistans nan nivo lekòl la oswa èd ki sible), epi dwa paran yo genyen atravè aktivite sa yo:



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Pwogram	Moun ki Responsab la	Kwonoloji	Prèv Efikasite	
1	Lekòl la pral fè Reyinyon Anyèl Paran yo pandan de (2) premye mwa lekòl yo epi l ap enfòme paran yo atravè Rezo Sosyal yo, Facebook, bilten enfòmasyon yo, epi apèl otomatize.	Julie Bridger Brian Desilets	Dat limit lan se 10 oktòb. Pi pito nan mwa Out-Septanm 2023	Fèy Siyati, Prezantasyon PowerPoint ki sòti nan PFEC, Lis Verifikasyon Sware Tit I an, Bwochi Sware Tit I an.
2	Devlòpman yon ajanda pou Reyinyon Anyèl Paran yo.	Julie Bridger Brian Desilets	Out – Septanm 2023	Ajanda ki Fini.
3	Devlope/planifye materyèl (prezantasyon, dokiman lekòl/distri) pou Reyinyon Anyèl Paran yo.	Julie Bridger Brian Desilets Marissa Means	Out – Septanm 2023	Kopi prezantasyon ki sòti nan Distri PFEC a, lis verifikasyon planifikasyon Sware Tit I an.
4	Anonse epi avèti paran yo de (2) semèn anvan reyinyon an.	Julie Bridger Brian Desilets Marissa Means	Out – Septanm 2023	Nou notifiye paran yo atravè rezo sosyal, Facebook, apèl wobotize, bilten enfòmasyon.

Reyinyon Paran yo ki Fleksib

Kijan lekòl la gen pou l ofri opòtinite ki fleksib bay paran ak fanmi yo pou yo patisipe nan aktivite ak reyinyon ki òganize yo epi ki pèmanan?

- Wotasyon kalandriye reyinyon SAC yo pou pèmèt plis patisipasyon bò kote paran yo
- Mete yon nouvo PTO (Parent Teacher Organization, Òganizasyon Pran Pwofesè) sou pye pou bay plis paran opòtinite pou yo pran lapawòl
- Ofri lyen TEAMS pou pèmèt patisipasyon nan reyinyon yo adistans
- Voye mesaj nan plizyè lang
- Pibliye enfòmasyon sou materyèl/reyinyon Tit I an pibliye sou rezo sosyal ki apwouve yo ak sou paj entènèt lekòl nou an (anba onglè SAC nou an ak seksyon Tit I an).



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Ranfòsman Kapasite – Aktivite/Atelye pou Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap mete aktivite ki vin apre yo sou pye yon fason pou ranfòse kapasite yon angajman pwospè bò kote paran ak fanmi yo, epi pou soutni yon patenarya ki etabli ant lekòl la, fanmi yo ak kominote a. Aktivite sa yo ap favorize reyisit elèv yo ak akonplisman rezilta akademik yo.

	Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prevwa sou Randman Elèv la	Kwonoloji	Prèy Efikasite
1	Rankontre Pwofesè a	Anseyan yo Mr. Desilets	Elèv yo gen pou yo konekte avèk pwofesè yo epi kamarad klas yo epi yo pral jwenn oryantasyon pou kanpis lekòl nou an ak atant nou yo.	Out 2023	Fèy enskripsyon, depliyon/piblisite
2	Jounen Pòt Ouvè, Sware Tit I	Anseyan yo, Mesye Desilets, Julie Bridger	Paran ak fanmi ap gen opòtinite pou yo eksplòre kanpis nou an, rankontre pwofesè yo, poze kesyon, pwograme konferans ak eksplòre pwogram nan. Paran yo ap resevwa enfòmasyon tou sou Tit I ak soutyen pwogram nan ka bay.	Septanm 2023	Fèy pou Enskripsyon, Prezantasyon PowerPoint ki sòti nan PFEC, Lis Verifikasyon Sware Tit I an, Bwochi Sware Tit I an.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

3	Sware STEM, Sware ML	Anseyan yo, Pwofesè ML yo, Mesye Desilets Julie Bridger	Paran yo gen pou yo dekouvri reyalizasyon pitit yo nan Ekspozisyon STEM nan. Mete sou sa, fanmi yo ka eksplore estann yo avèk lòt pwofesè ki nan domèn kontni an epi deplase avèk aktivite pou fè. Gwoup kominotè yo pwopoze tou yon aprantisaj pratik pou elèv yo ak fanmi yo patisipe.	Desanm 2023	Fèy enskripsyon, ajanda ki konpete, bwochi ak piblisite, foto
4	Reyinyon SAC Chak Mwa	Mesye Desilets, Ofisye SAC	Paran yo, pwofesè yo ak nenpòt lòt moun ki gen enterè yo nan lekòl la jwenn envitasyon pou yo patisipe nan diskisyon yo konsènan evènman ki pètinan pou lekòl nou an. Nou ankouraje tout moun pou yo bay opinyon ak kòmantè pou travay pou amelyorasyon lekòl nou an.	Katriyèm Mèkredi nan mwa a, a 5è pm	Ajanda ki konplete, pwosè vèbal reyinyon yo, fèy enskripsyon, bwochi/piblisite
5	Rasanbleman pou Lekòl Matènèl	Grefye	Fanmi yo gen opòtinite pou yo vini byen bonè pou yo enskri pitit yo nan lekòl matènèl pou ane eskolè k ap vini an.	Avril/Me 2024	Fèy enskripsyon, bwochi, ajanda



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

6	Seremoni Remiz Rekonpans	Anseyan yo Administratè Lekòl la	Nou envite paran ak fanmi yo pou yo rejwenn nou pou rekonesans reyalizasyon timoun yo an pandan peryòd notasyon an.	Chak Trimès	Fèy prezans, Sètifika Rekonpans
7	Piblikasyon Pirat/ Kominikasyon Chak Semèn avèk Paran yo		Ogmante Angajman Paran yo ak siksè elèv yo lè nou asire nou paran yo rete enfòme konsènan diferan evènman ak nouvèl lekòl la.		Korespondans kominikasyon an mas chak semèn pou tout paran yo pa imèl
10	Konferans Paran/Elèv		Konferans IEP, MTSS, ak lòt konferans ki òganize pa paran/pwofesè yo selon nesosite a avèk tout nivo eskolè yo pou amelyore konpòtman an epi ogmante akizisyon aprantisaj yo.		Ajanda, bwochi/piblisite, nenpòt nòt eskolè ki nesese pou chak konferans espesifik

Fòmasyon pou Manm Pèsonèl

Lekòl la ap pwopoze aktivite devlopman pwofesyonèl ki vin apre yo pou edike epi soutni pwofesè ak manm pèsonèl lekòl la sou fason pou rive jwenn paran ak fanmi yo, pou kominike avèk yo, epi pou travay avèk yo antanke patnè ki egal.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prewa sou Randman Elèv la	Kwonoloji	Prèf Efikasite
Fòmasyon PFE 1: Kontak Pèmanan: Estrateji pou Koneksyon	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Pi bon pratik ak resous adisyonèl pou kominike avèk paran yo epi enplike yo pandan Ane Eskolè a. Sa ap pèmèt vin gen relasyon ki pi solid ant paran ak anseyan yo, paran ki plis enplike epi yon pi bon reyisit bò kote elèv yo.	1ye Trimès/2yèm Trimès 2023	Ajanda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 2: Liy Asistans pou Lang	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Lè manm pèsònèl la pi byen konnen sèvis tradiksyon nou yo yon fason pou pi byen kominike avèk to fanmi ki pa pale Anglè nou an ki wo anpil, sa ap gen yon enpak pozitif sou elèv yo.	Janvye 2024	Ajanda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 3: TBD (dwe detèmine)	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi yo ap evalye ki domèn soutyen ki pi nesèsè yo epi li ap founi yon fòmasyon ki adekwa pou ede lekòl yo fè efò angajman paran ak fanmi yo evolye.	Avril 2024	Ajanda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo

Lòt Aktivite

Lekòl la ap òganize yon seri aktivite, li ap mete resous disponib pou fanmi yo, epi li ap founi ankourajman ak sipò pou fanmi yo, yon fason pou yo kapab pi byen patisipe nan pakou edikatif pitit yo gras ak:

Sant Resous pou Paran yo (The Parent Resource Center, PRC) lokalize li nan resepsyon lekòl nou an. Gen yon zòn ki deziyen ki gen bwochi sou resous lokal yo, liv, jwèt ak materyèl pou paran yo ak pitit yo. Paran yo ka jwenn enfòmasyon sou klinik medikal gratis nou an, AHEC ak AHEC Dental. Genyen tou enfòmasyon pou lokalize gadmanje yo ak yon asistans pou fanmi ki fè fas ak pwoblèm sanzabri. Genyen tou Chromebook ki disponib pou pèmèt paran yo gen aksè ak yon òdinatè ki gen entènèt pou reponn sondaj, ranpli fòm enskripsyon ak fòm pou repa ki gratis / ak pri redui, elatriye. Pou paran k ap chèche enfòmasyon sou fason pou jwenn èd pou elèv ESE yo a, edikasyon paran yo oswa imigrasyon ka jwenn bwochi sou sijè sa yo tou.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Lekòl nou an voye yon bilten enfòmasyon chak semèn adomisil ki gen evènman ki mete ajou ak evènman k ap dewoule sou kanpis nou an.

Pwofesè yo voye yon bilten enfòmasyon chak semèn ki gen enfòmasyon espesifik sou nivo eskolè a dirèkteman bay paran yo.

Apèl telefonik, mesaj tèks, Remind ak Facebook se metòd ki itilize tou pou kontakte fanmi yo lè nouèl ki enpòtan ap pataje.

Kominikasyon

Lekòl la ap bay paran timoun ki ap patisipe yo enfòmasyon nan BON MOMAN konsènan pwogram ak aktivite Tit I yo:

Reyinyon anyèl Tit I nou an te kouple ak Jounen Pòt Ouvè ane eskolè sa. Evènman sa te anonse atravè bilten enfòmasyon lekòl la, Facebook.com, bilten enfòmasyon sal klas yo, epi Remind.

Bwochi Tit I te distribye avèk pake enfòmasyon dispèse a nan Rankont ak Pwofesè a (Meet the Teacher) oswa nan 1ye Jounen Lekòl pou ane eskolè 2023-2024 la. Paran yo envite nan reyinyon SAC chak mwa nou yo epi reyinyon sila yo anonse tou sou Facebook.com, ansanm ak nan bilten enfòmasyon lekòl nou an.

Kominikasyon (suit)

Nou ap pataje dekripsyon ak eksplikasyon sou pwogram akademik yo, fòm evalyasyon akademik nou itilize pou mezire pwogrè elèv yo ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn yo, pa mwayen:

Eta Florid la egzamine ak apwouve pwogram nou an. Pwofesè yo resevwa fòmasyon sou nouvo pwogram ak manyèl eskolè yo pandan jounen planifikasyon ki vin anvan chak kòmansman ane lekòl. Paran yo enfòm konsènan pwogram nan pandan Jounen Pòt Ouvè a, pwofesè yo pral pataje sa yo ap anseye yo ak atant yo nan zafè aprantisaj elèv yo.

Elèv ki nan Lekòl Matènèl jiska 2yèm ane ap itilize STAR Reading ak Star Math pou yo swiv pwogrè yo. Elèv ki nan 3yèm ane jiska 8yèm ane ap patisipe nan evalyasyon FAST yo Yo bay tou de (2) evalyasyon 3 fwa pa ane eskolè. Kòmansman (Septanm), Mitan (Desanm/Janvyè) ak Fen Ane (Avril/Me). Yo enfòm paran yo konsènan rezilta tèks timoun yo an gras rapò ki voye adomisil nan anvlòp kanè trimestriyèl la. Paran yo gen aksè tou ak nòt pitit yo ak rezilta tèks yo sou pòtay FOCUS Parent lan.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Kominikasyon (suit)

Posibilite pou òganize yon seri reyinyon regilye yon fason pou bay sijesyon epi pou patisipe, lè sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo;

Paran yo envite nan Reyinyon SAC chak mwa nou yo. Reyinyon chak mwa yo anonse nan bilten enfòmasyon lekòl nou an ansanm ak sou Facebook Yo ka jwenn enfòmasyon, tankou ajanda ak pwosè vèbal reyinyon SAC presedan yo sou sit entènèt HOB lan. Nan Reyinyon SAC a, yo bay yon ajanda avèk pwèn k ap diskite yo. Yo prevwa yon tan patisipasyon pou paran yo pandan chak reyinyon.

Paran yo ka jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak enplikasyon paran yo ak edikasyon timoun yo an sou sit entènèt lekòl nou an, www.keysschools.com/HOB. Mete sou sa, bilten enfòmasyon lekòl la ap pataje enfòmasyon sou sijè sa tou.

Paran yo kapab bay kòmantè yo tou pandan aktivite yo pandan tout ane lekòl la. Konferans Paran/Pwofesè Tit I yo anonse epi pwograme nan kòmansman ane a epi selon bezwen yo.

Kominikasyon (suit)

Yon mwayen pou dokimante kòmantè/preyokipasyon paran yo konsènan Plan Amelyorasyon nan Tout Lekòl la /Plan Amelyorasyon Lekòl la (Schoolwide Improvement Plan/School Improvement Plan, SIP) ansanm ak Plan Angajman Paran ak Fanmi yo (Parent and Family Engagement Plan, PFEP), lè yo pa satisfè paran timoun ki ap patisipe yo. Lekòl la ap enkli yon dokimantasyon sou kòmantè/preyokipasyon/kesyon paran yo avèk plan an ki ap mete disponib pou ajans edikasyon lokal la (Local Education Agency, LEA):

Nou ap note prèv kontribisyon paran yo, pami yo kòmantè ki montre yo pa satisfè yo, epi nou ap soumèt yo bay biwo Distri Tit I an nan kad pwosesis Plan Angajman Paran ak Fanmi an. Paran yo jwenn envitasyon pou yo patisipe nan reyinyon SAC chak mwa nou yo epi yo ap resevwa opòtinite pou bay opinyon ak kòmantèyo sou SIP ak PFEP, ansanm ak anpil lòt sijè ki gen rapò ak lekòl la.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Aksesibilite

Lekòl la ap ofri tout opòtinite k ap pèmèt patisipasyon nan aktivite angajman paran ak fanmi yo pou tout fanmi (pami yo paran ki pa fin konprann Anglè yo, paran ki gen andikap yo, paran migran yo, epi ki gen timoun ki sanzabri):

Nan yon efò pou nou enklizif, nou vle asire nou enfòmasyon nou voye adomisil rive jwenn elèv nou yo ak fanmi yo nan lang natif natal yo lè sa posib. Aktyèlman nou kapab bay enfòmasyon ki voye adomisil nan lang Anglè, Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen.

Pou evènman ki ap fèt nan lekòl la nou gen Edikatè Paran nou yo, ansanm ak manm pèsònèl yo ki ka sèvi kòm entèprèt lè sa nesèsè. Pou konferans yo nou itilize manm pèsònèl ki bileng lè yo disponib pou tradui, ansanm ak Edikatè Paran nou yo. Ane sa, nou ap sèvi tou ak sèvis tradiksyon Language Line ki pwopoze tradiksyon oral ak alekri.

Lè nou idantifye elèv sa yo ki ka bezwen enfòmasyon ki tradui, nou chèche konnen dabò si yo idantifye kòm yon elèv ML. Fanmi ki apèn rive nan peyi a gen pou yo jeneralman apresye enfòmasyon ki founi nan lang natif natal yo.